



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEPATMAN KONSÈVASYON ANVIWÒNMANTAL
LA POU PIBLIYE ALÈT POU SECHRÈS POU 12 KONTE, AJOUTE 6 LÒT KONTE
NAN ALÈT POU SECHRÈS LA**

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou konsève dlo pandan sechrès la

Gade kat [kondisyon sechrès Eta Nouyòk la](#)

Gouvènè Kathy Hochul ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la, te anonse jodi a ke yo pibliye yon alèt sechrès pou 12 konte nan rejyon Adirondack ak Southern Tier epi yo te elaji yon siveyans kont sechrès pou enkli sis konte nan rejyon Susquehanna a. Eta Nouyòk ap ankouraje tout rezidan yo, tankou moun ki depann sou pi dlo anba tè prive yo, pou konsève dlo chak fwa sa posib pandan semèn k ap vini yo.

"Kantite lapli ki mwens pase nòmal la lakòz kondisyon sèk pou anpil konte nan Nouyòk, sa ki lakòz konte Adirondacks ak Southern Tier yo monte nan eta avètisman kont sechrès epi konte Susquehanna yo monte nan eta siveyans kont sechrès", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke ekspè nan Eta Nouyòk yo kontinye siveye done yo ak kondisyon yo sou teren an, n ap pran mezi pwo-aktif pou sipòte kominote yo, kiltivatè yo ak founisè dlo lokal yo. An menm tan, n ap ankouraje tout moun pou yo fè pati pa yo pou konsève dlo pou nou ka diminye estrès sou resous nou yo epi anpeche enpak ki pi grav nan semèn k ap vini yo."

Yon avètisman oswa siveyans kont sechrès an vigè kounye a pou tout eta a eksepte Vil Nouyòk ak Konte Westchester. Kondisyon sechrès nan rejyon sa a detèmine pa Vil Nouyòk an kowòdinasyon sere avèk DEC. Gen kat nivo avi sou sechrès nan Eta a: alèt, avètisman, ijans ak katastwòf. Pa gen okenn restriksyon obligatwa Eta a nan kad yon avètisman oswa yon siveyans kont sechrès. Yon deklarasyon avètisman se yon avi sou kondisyon sechrès grav ki pral rive epi ki pral rive imedyatman epi li gen ladan l'ogmantasyon konsyantizasyon piblik ak konsèvasyon dlo volontè. Yo ankouraje founisè dlo piblik ak endistri yo pou yo kontinye aplike plan ijans lokal yo pou sechrès.

Konte ki anba [avètisman sechrès](#) yo se Allegany, Cattaraugus, Chemung, Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, northern Herkimer, Lewis, Steuben, St. Lawrence, ak

Warren, Konte yo te ajoute nan siveyans sechrès la se Broome, Chenango, Cortland, Otsego, Madison, ak Tioga.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC) Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare, "Preparasyon ak prevansyon pou sechrès mande yon efò aktif ak kowòdone pa tout Nouyòkè yo pou anpeche yon kriz dlo ki afekte anviwònman, sante piblik ak ekonomi nou an. Redui itilizasyon dlo deyò epi tcheke pou flit nan kay ak biznis ka ede anpil nan konsève dlo epi anpeche kondisyon ki ka gen efè alontèm sou resous dlo yo."

Gen lapli nan previzyon pou anpil pati nan Eta Nouyòk, men previzyon Sèvis Metewolojik Nasyonal la sijere yon ti pwobabilite pou yon soulajman siyifikatif apre kondisyon sechrès yo. Presipitasyon ke yo te obsève pandan 90 dènye jou yo te mwens pase nòmal nan prèske tout eta a. Defisi presipitasyon yo obsève atravè eta a varye ant 5 a 20 cm (de a uit pous). Sikilasyon kouran dlo yo ak nivo dlo souteren yo ap bese nan sèten zòn.

Endis Sechrès Eta a

Nan Nouyòk, detèminasyon sityasyon sechrès la baze sou yon Endis Sechrès Eta a ki itilize atribi espesifik pou Eta Nouyòk, kidonk li ka diferan de evalyasyon sechrès nasyonal yo. Anplis de sa, kondisyon lokal yo ka varye, kidonk kèk zòn nan eta a ka fè pwòp detèminasyon yo sou etap sechrès la lè yo sèvi avèk kritè lokal yo. DEC sipòte efò gouvènman lokal yo ak lòt moun ki gen enterè yo pou pran mezi konsèvasyon dlo ki baze sou sikonstans espesifik.

Preparasyon kont sechrès

Gen sèten sektè ki gen potansyèl pou sibi enpak sechrès, tankou rezèv dlo, agrikilti, ekosistèm, navigasyon ak transpò, enèji ak fabrikasyon, epi planifikasyon ak preparasyon.

Preparasyon pou sechrès gen ladan siveyans ak evalyasyon kondisyon klimatolojik yo pou yon konsyantizasyon bonè sou yon potansyèl sechrès epi aplikasyon opsyon akoutèm ak alontèm pou pwogram ak pwojè pou minimize enpak sechrès la. DEC ak Sondaj Gewoloji Etazini an (U.S. Geological Survey) se patnè nan evalyasyon kondisyon idwolojik atravè eta a.

Gwoup Travay pou Jesyon Sechrès Eta a siveye kondisyon sechrès yo, kominike enfòmasyon, epi kowòdone ak kominote ki afekte yo. Gwoup Travay la gouvène pa [Anèks Kowòdinasyon Jesyon Sechrès Eta a](#), ki konsantre sou rechèch, siveyans ak posib aksyon lejislatif pou ede anpeche ak diminye enpak sechrès yo. Manm Gwoup Travay la gen ladan yo DEC, Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Eta Nouyòk, Depatman Sante (Department of Health), Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets), Otorite Kanal la, Otorite Thruway la, ak Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority) la. Avèk efò kowòdone sa a pou prepare epi reponn, nou ka diminye enpak sechrès la sou kominote yo ak sou komès.

Konnen Dlo Ou

Piblik la ka kontakte sistèm dlo lokal yo a pou jwenn enfòmasyon sou preparasyon pou sechrès, enpak yo, ak avi ak aktivite repons yo. Ou ka jwenn lòt konsèy pou piblik la sou konsèvasyon dlo nan Rapò Anyèl sou Kalite Dlo (Annual Water Quality Report, AWQR) chak sistèm dlo.

Ou ka jwenn enfòmasyon kontak sistèm dlo a ak AWQR yo lè w sèvi ak sitwèb [Know Your NY Water](#) a oswa pwòp sitwèb sistèm dlo yo.

Sipò pou Kiltivatè yo

Li rekòmande pou kontwole rezèv dlo nan fèm yo regilyèman, epi pou kominike enkyetid yo bay jesyon ijans nan konte a ak Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo lokal yo. [Rezo Edikasyon sou Dezas Ekstansyon Koperativ Cornell \(Cornell Cooperative Extension Disaster Education Network\)](#) la ak [Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk](#) la ofri resous adisyonèl ak sipò lokal.

Ekosistèm

Sechrès ka gen enpak sou ekosistèm akwatik ak terès yo. Rediksyon nan debi rivyè yo ka gen enpak sou sante lavi akwatik yo. Diminasyon presipitasyon afekte plant ak bèt terès yo atravè rediksyon kwasans plant yo. Kondisyon sechrès yo ka yon faktè ki kontribye nan fòmasyon Pwoliferasyon Alg Nuizib (Harmful Algae Bloom, HAB). Lòt faktè, tankou jou kalm, solèy ak cho ansanm ak dinamik melanj chanjan, ka kreye kondisyon ki feزاب pou fòmasyon HAB. DEC kenbe yon paj Rapò ak Notifikasyon HAB pou mas dlo ki gen pwoliferasyon kounye a.

Prevansyon ensandi sovaj

Lè [risk ensandi sivaj](#) ogmante, depatman ponpye yo ta dwe verifye ke sous dlo yo gen ase dlo epi ke bouch ensandi sèk yo byen sibmèje.

Rezidans yo ta dwe tcheke avèk otorite lokal yo pou wè si gen yon entèdiksyon pou boule anvigè anvan yo limen nenpòt dife epi asire ke nenpòt sous dife potansyèl, tankou boukan dife kan ak sigarèt, yo [konplètman etenn](#).

Asistans pou pi dlo prive

Pou jwenn asistans ak pi dlo ki ka afekte pa sechrès la:

- [Kontakte yon kontraktè pi dlo ki otorize](#) pou diskite opsyon apwopriye yo pou bezwen endividyèl yo.
- Tcheke ke pi a sèk akòz sechrès epi pa gen okenn lòt pwoblèm. Pafwa solisyon an byen senp, tankou yon valv kase oswa pwoblèm elektrik. Sèl fason pou definitivman di si yon pi sèk se lè w mezire nivo dlo a nan pi a.
- [Konsève dlo pandan tout ane a](#) pou ede anpeche enpak sechrès sou pi dlo yo.
- Konsidere ajoute yon tank dlo pou ede w pase peryòd sechrès yo.

- Netwaye oswa reyamenaje pi ki egziste deja yo.
- Fouye pi ki egziste yo plis oswa fouye yon nouvo pi. Si w ap fouye yon nouvo pi, byen demantle ansyen pi a pou pwoteje kalite dlo anba tè a.

Konsèy pou Konsèvasyon Dlo

Pou pwoteje resous dlo yo, yo ankouraje itilizatè dlo yo pou redwi volontèman itilizasyon dlo deyò epi swiv konsèy sa yo:

- Awoze gazon sèlman lè li nesèsè, chwazi metòd awozaj ki evite gaspiyaj, ak awoze byen bonè nan maten pou diminye evaporasyon ak maksimize idratasyon tè a;
- Reyitilize dlo ki kolekte nan barik lapli yo, dezimidifikatè yo, oswa klimatizè yo pou wouze plant yo;
- Ogmante wotè pou koupe nan tondez gazon yo. Zèb ki pi long pi an sante ak rasin ki pi fò epi li bezwen mwens dlo;
- Sèvi ak yon bale, pa yon tiyo pou wouze, pou netwaye antre kay ak twotwa yo;
- Repare fluit nan tiyo, tiyo kawoutchou yo, ak wobinè yo;
- Lave sèlman asyèt ak lesiv an gwo;
- Pran beny ki pi kout nan douch oswa pa ranpli benwa a nèt;
- Enstale aparèy plonbri ki ekonomize dlo;
- Pa kite wobinè a ouvri pou fè dlo a cho oswa frèt; epi
- Lave machin mwens souvan.

Pou plis konsèy pou ekonomize dlo, vizite [paj wèb DEC a sou Itilizasyon ak Konsèvasyon Dlo](#). Pou plis enfòmasyon sou [sechrès](#) nan Nouyòk, [vizite sitwèb DEC la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)